

Kisa NYSCB ye?

Komisyon Eta New York pou Moun ki Avèg (New York State Commission for the Blind) travay avèk moun ki avèg legalman oswa ki soud-avèg pou ede yo mennen lavi yo yon fason endepandan. Pou fè sa, li bay sèvis konsèy, sèvis fòmasyon pou reyabilitasyon ak sèvis pou jwenn travay pou moun tout laj k ap viv nan New York.

Sèvis NYSCB yo ka gen ladan:

- Fòmasyon pou jesyon kay ak jesyon zafè pèsonèl
- Fòmasyon pou navigasyon ak vwayaj
- Egzamen ak èd pou vizyon fèb
- Èd pou kenbe djòb y ap fè a
- Èd pou jwenn yon djòb
- Fòmasyon pwofesyonèl
- Èd avèk edikasyon apre lekòl segondè
- Fòmasyon nan teknoloji sipò
- Fòmasyon nan lekti lèt Bray
- Fòmasyon pou prepare pou travay
- Okazyon pou gen eksperyans travay
- Koneksyon nan resous kominotè
- Sèvis odyoloji konplè
- Sèvis reyabilitasyon espesyalize

Si yon moun avèg legalman oswa si li gen yon twoub vizyèl k ap vin grav ofi-amezi epi doktè prevwa moun nan ap vin avèg legalman epitou si moun nan gen yon twoub pou tande oswa si li soud, moun sa a ka resevwa sèvis nan NYSCB ki travay nan tèt ansanm avèk NYS ACCES-VR.



Pou jwenn enfòmasyon sou sèvis yo rele nimewo:

1-866-871-3000

— OSWA —

Ale nan sitwèb nou:
www.visionloss.ny.gov

NYSCB se yon divizyon Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York (New York State Office of Children and Family Services).



Andrew M. Cuomo,
Gouvènè

Dapre Lwa anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York ap mete dokiman sa a disponib nan fòma ki apwopriye sou demann.

PUB-4805 (9/2013)

seeing possibilities

viv • travay • grandi

YON GID POU SÈVIS YO



POU MOUN KI SOUD-AVÈG YO

NYSCB

www.visionloss.ny.gov

Kimoun ki kalifye?

Si yon moun ap viv nan Eta New York epi si li avèg legalman oswa si li gen yon twoub vizyèl k ap vin grav ofi-amezi epi doktè prevwa moun nan ap vin avèg legalman, epitou si moun nan pa kapab konprann pifò sa y ap di li avèk anplifikasyon maksimòm, moun sa a ka kalifye pou sèvis NYSCB bay pou Moun ki Soud-Avèg.

Sesite legal defini kòm:

- Yon akuite vizyèl 20/200 oswa mwens nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan avèk pi bon koreksyon OSWA
- Yon chan vizyon 20 degre ki gen restriksyon oswa mwens nan zye ki pi bon an oswa ki pi fèm nan.

Si ou gen yon twoub grav pou wè epi ou si odisyon ou gen yon konsekans negatif sou fonksyonman lavi ou chak ou, ou ka kalifye pou sèvis ki kapab ede ou fonksyone yon fason ki pi endepandan. Si ou pa byen konnen si ou kalifye pou sèvis yo kòm yon moun ki soud-avèg, NYSCB kapab ede ou detèmine si ou kalifye. Si ou bezwen yon entèprèt langaj siy epi si ou kalifye pou sèvis yo kòm yon moun ki soud-avèg, NYSCB kapab fè aranjman pou sèvis sa a pou ou.

Pwogram yo

Reyabilitasyon Pwofesyonèl

NYSCB kapab ede ou prepare pou jwenn travay, nou kapab ede ou kenbe djòb w ap fè a, oswa nou kapab ede ou kòmanse yon biznis. Yon konseye reyabilitasyon pwofesyonèl ap ede ou planifye epi jwenn fòmasyon ou bezwen an pou reyalize objektif travay ou.

Pwogram Antrepriz Komèsyal

Èske ou se yon sitwayen ameriken ki enterese jere pwòp kyòsk journal ou, ba-restoran ou oswa kafeterya ou? Pwogram BEP bay fòmasyon ou bezwen pou fonksyone plis sipò san rete.

Pwogram pou Moun Viv Endepandan

Si ou se yon adilt oswa yon granmoun aje ki vle viv kòm yon moun endepandan otank posib men ou pa enterese travay, NYSCB gen pwogram pou montre ou ladrès pou fè antretyen nan kay ou, pou vwayaje san pwoblèm, epi pou toujou gen kontak avèk fanmi ou ak vwazen ou yo.

Pwogram pou Timoun

Timoun yo kapab resevwa sèvis lakay yo, nan kominote yo, ak nan ajans reyabilitasyon yo. Konsiltan Children's yo bay oryantasyon pou fanmi yo, sèvis sipò, konsiltasyon edikasyonèl ak kowòdinasyon pwofesyonèl.

Kote pou aplike

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ak sèvis NYSCB ofri yo, tanpri rele biwo rejyonal ki pi pre ou.

Albany

40 N. Pearl St., 10th Fl., Ste. D
Albany, NY 12243
(518) 473-1675

Adrès Postal

52 Washington St.
Rensselaer, NY 12144

Buffalo

295 Main St., Rm. 590
Buffalo, NY 14203
(716) 847-3516

Harlem

163 West 125th St., Rm. 209
New York, NY 10027
(212) 961-4440

Hempstead

50 Clinton St., Ste. 208
Hempstead, NY 11550
(516) 564-4311

New York City

80 Maiden Lane, 23rd Fl.
New York, NY 10038
(212) 825-5710

Rochester (Outstation)

259 Monroe Ave., Sal 303
Rochester, NY 14607
(585) 238-8110

Syracuse

100 S. Salina St., Ste. 105
Syracuse, NY 13202
(315) 423-5417

White Plains

445 Hamilton Ave., Sal 503
White Plains, NY 10601
(914) 993-5370

**Pou jwenn enfòmasyon ou ka
rele nimewo gratis nou tou
nan: 1-866-871-3000**

— OSWA —

**Ale nan sitwèb nou:
www.visionloss.ny.gov**

